

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa salah sahiji hasil karya manusa nu diébréhkeun dina wangun lisan jeung tulisan ngaliwatan medium basa nu ngandung unsur éstétis. Nurutkeun Semi (2012, kc. 84), karya sastra mangrupa hiji karya kreatif nu madeg mandiri, ayana aspék pangwangun jero (saperti téma, galur, latar, tokoh, gaya basa), jeung hubungan nu harmonis antara aspék pangwangunna. Karya sastra diklasifikasikeun dumasar kana wangun, warna, jeung wanda. Ditilik tina wangunna, sastra diwincik jadi prosa, puisi, jeung drama. Ditilik tina warnana (dumasar kana waktu gelarna), sastra Sunda téh diwincik jadi sastra heubeul jeung sastra anyar. Tina wandana (media nepikeunana), diwincik jadi sastra lisan jeung sastra tinulis (Isnéndés, 2010, kc. 21).

Puisi mantra mangrupa salah sahiji sastra lisan Sunda nu ka asup kana puisi heubeul nu masih kénéh sumebar di masarakat. Puisi mantra dina naskah *Sanghyang Siksa Kanda Ng Karesian* geus aya ti baheula kénéh nu mangrupa banda anu dipimilik ku Brahmana, kasta pangluhurna dina ajaran Hindu (Ruhaliah, 2012, kc. 11). Satuluyana, éta kaayaan robah saluyu jeung robahna kahirupan manusa. Kiwari, puisi mantra dipatalikeun jeung hal-hal nu ngandung kakuatan magis. Éta hal saluyu jeung pamadegan Rusyana (1970, kc. 3), anu nétélakeun yén mantra mangrupa karya sastra lisan nu sipatna magis. Magis téh nya éta pamaké manusa pikeun ngahontal paneja ku cara-cara nu istimewa atawa supranatural.

Mantra asalna tina basa Sansekerta anu hartina pikiran, angen-angen, anu dikedalkeun kalawan tujuan nu tangtu dina waktu nyembah atawa muji, nu diwincik jadi ajian, jampé, jeung jimat nu biasana ngandung kakuatan nu sipatna magis (Rusyana, 1970, kc. 2). Mantra ogé mangrupa hiji idiom atawa kandaga kecap husus nu ngandung harti jeung ngandung kakuatan anu hésé ditarima ku akal.

Koswara (2010, kc. 6), nétélakeun yén mantra mangrupa salah sahiji wangun puisi bebas anu ngandung kakuatan gaib, jeung dina makéna gé teu sagawayah. Mantra atawa puisi mantra mangrupa warnaning ugeran nu buhun, anu eusina mangrupa jajampéan, jangjawokan, parancah, singlar, asihan, pé lét, jeung sajabana (Isnéndés, 2010, kc. 57). Nurutkeun paranti naon dipakéna, puisi mantra téh dibagi jadi ajian, asihan, jampé, jangjawokan, rajah jeung singlar (Rusyana, 1990, kc. 66).

Ayana puisi mantra dina kahirupan masarakat baheula raket patalina jeung agama sarta kapercayaan masarakatna. Dina hirup kumbuhna, puisi mantra téh miboga ajén nu luhung, sarta mangrupa salah sahiji bagian tina kabudayaan jeung warisan titinggal karuhun di hiji daérah nu perlu diriksa jeung dimumulé. Isnéndés nétélakeun yén salian ti mangrupa karya sastra buhun, mantra ogé mangrupa budaya karuhun nu aya patalina jeung rengkak paripolah sarta moral manusa. Éta hal bisa dijadikeun eunteung atawa acuan dina mangsa kiwari (Isnéndés, 1998, kc. 4).

Puisi mantra baheula mangrupa du'a-du'a husus anu ditepikeun kalawan ngagunakeun basa atawa idiom nu tangtu sarta dipapatkeun pikeun rupa-rupa paneja kalawan maké aturan-aturan husus. Salian ti ayana aturan dina mapatkeunana, dina nyangkingna ogé kitu deui. Ku sabab kitu, henteu sagawayah jalma bisa miboga puisi mantra. Pikeun nyangking puisi mantra nu matih, hiji jalma diperedih ngalakonan pagawéan-pagawéan husus dina waktu nu geus ditangtukeun, sarta ayana pantrangan-pantrangan nu ulah dirempak.

Kiwari, kahanan puisi mantra geus beuki nyirorot ku ayana pangaruh globalisasi. Jalma ayeuna sok ngarasa leuwih onjoy ngagunakeun pakakas hasil kamajuan téhnologi tibatan pakakas tradisional. Upamana waé waktu keur gering, jaman baheula mah cukup mawa cai ka nu bisa atawa ka dukun. Éta cai ku dukun atawa ku nu bisa dijampéan tuluy diinumkeun ka nu gering. Isukna atawa soréna bisa langsung cageur. Teu kudu indit ka mantri saperti ayeuna. Kitu deui dina komunikasi, pakakas anu dipaké kiwari mah *handphone*. Béda jeung jaman baheula nu rék ngageroan jalma nu jauh cukup ku surat, atawa nu leuwih tradisionalna indit ka dukun ménta dipanggeroankeun ku jajampéan, atawa

digeroan sorangan tina sééng nu eusina cai ngagolak maké jajampéan nu disebut mantra. Kaayaan kitu kiwari mah pan geus méh euweuh. Puisi mantra geus kagéséh jeung ampir leungit sabab geus teu deui ngalaman prosés waris budaya antara kolot baheula ka budak ngora jaman ayeuna.

Ieu kaayaan ogé kaalaman di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut. Di ieu désa réa pisan puisi mantra anu sumebar, tapi éta puisi mantra ngan aya atawa dipimilik ku jalma-jalma nu geus karolot. Budak ngorana geus langka nu daékkeun diajar puisi mantra.

Dina kurikulum 2013, puisi mantra ka asup kana matéri pangajaranana di sakola. Puisi mantra jadi salah sahiji matéri pangajaran pikeun murid kelas XI (sabelas) dumasar KIKD kurikulum 2013. Dina ieu matéri, dipedar naon wangenan mantra, naon wandana jeung naon fungsina jeung conto-contona. Kanyataan di lapangan, dina pangajaran bahan nu dipakéna biasana bahan nu éta-éta kénéh euweuh variasina. Ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngawewegan jeung nambahan kana bahan ajar apresiasi puisi matéri mantra di sakola.

Panalungtikan ngeunaan mantra geus aya saméméhna, di antarana “Bagbagan Puisi Mantra Sunda” mangrupa salah sahiji projék penelitian pantun dan folklore Sunda meunang Yus Rusyana (1970); “ Analisis Puisi Mantra di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi”, skripsi meunang Retty Isnendes (1998); “Struktur Puisi Mantra di Désa Pangulah Selatan Kecamatan Kotabaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Ajar Maca di SMA Kelas X”, skripsi meunang Egi Praja Septian (2013), “Invéntarisasi Puisi Mantra Tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda”, skripsi Néndén Intan Pramanik (2014); jeung “Invéntarisasi jeung Analisis Struktur Puisi Mantra di Désa Jingkang Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Sastra di SMA”, skripsi meunang Dianawati (2015).

Tina sakitu loba panalungtikan ngeunaan puisi mantra nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, tacan aya panalungtikan kana puisi mantra di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun, sanajan geus aya panalungtikan saméméhna, tapi aweuhan katut ambahan wilayahna béda. Tujuan ieu panalungtikan nya éta

Juju Jumanah, 2016

ANALISIS STRUKTURAL PUISI MANTRA DI DÉSA MEKARMUKTI KACAMATAN TALÉGONG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI PUISI DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngainvéntaris puisi mantra nu aya jeung sumebar di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut, sarta dianalisis strukturna pikeun dilarapkeun kana bahan ajar aprésiasi puisi di SMA. Panalungtikan ieu ogé dipiharep bisa nambahan pabukon sastra Sunda utamana puisi mantra.

Dumasar kana pedaran di luhur, judul panalungtikan “Analisis Struktural Puisi Mantra di Désa Mekarmukti Kacamatan Talégong Kabupatén Garut pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Puisi di SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan ngulik ngeunaan analisis strukturna (wangun jeung wirahma, purwakanti, babalikan, sarta citraaan) puisi mantra nu sumebar jeung kungsi hirup di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut, anu satuluyna dianalisis, naha bisa atawa henteu dilarapkeun kana bahan ajar aprésiasi puisi di SMA. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Puisi mantra naon waé nu aya di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut sarta kumaha papasinganana dumasar jenis-jenisna?
- 2) Kumaha struktur (wangun jeung wirahma, purwakanti, babalikan, sarta citraan) puisi mantra di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut?
- 3) Larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngandung tujuan. Anapon éta tujuan dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngamumulé budaya masarakat Sunda baheula, hususna ngeunaan salah sahiji wangun karya sastra

wanda puisi mantra, sangkan dipikanyaho jeung bisa diaprésiasi ku masarakat kiwari, sarta pikeun dipilih tur dilarapkeun jadi bahan ajar aprésiasi puisi di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, tujuan tina ieu panalungtikan téh nya éta ngadéskrupsikeun:

- 1) papasingan puisi mantra di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut;
- 2) struktur (wangun jeung wirahma, purwakanti, babalikan, sarta citraan) puisi mantra di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut; jeung
- 3) larapna hasil panalungtikan kana bahan ajar aprésiasi puisi di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan téh aya dua mangpaat, nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji referensi pikeun kaperluan-kaperluan anu aya patalina jeung panalungtikan ngeunaan puisi mantra Sunda. Kitu deui, ngeunaan ulikan atawa analisis struktur tina puisi mantra nu ditalungtik, dipiharep bisa nambahan kana téori aprésiasi karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Pikeun masarakat, bisa mikanyaho jeung ngaaprésiasi salah sahiji karya sastra Sunda nu sumebar di masarakat nya éta puisi mantra utamana nu aya di Désa Mekarmukti.
- 2) Pikeun panalungtik, ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra buhun nu sumebar di masarakat hususna puisi mantra.
- 3) Pikeun dunya atikan, bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar di sakola, utamana bahan ajar aprésiasi puisi di SMA.

1.5 Raraga Tulisan

Juju Jumanah, 2016

ANALISIS STRUKTURAL PUISI MANTRA DI DÉSA MEKARMUKTI KACAMATAN TALÉGONG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI PUISI DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sistematika atawa rangkay penulisan dina ieu skripsi sacara gurat badagna kabagi jadi lima bab. Dimimitian ti BAB I nepi ka BAB V.

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, eusina ulikan téori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ulikan téori dipedar téori-téori anu patali jeung panalungtikan nu dilaksanakeun, ngawengku wangenan puisi mantra (wangenan puisi mantra, tujuan puisi mantra, jeung papasingan puisi mantra), strukturalisme (wangun jeung wirahma, purwakanti, babalikan, sarta citraan), bahan ajar aprésiasi puisi di SMA (wangenan bahan ajar, tujuan pangajaran, kriteria milih bahan ajar, eusi bahan ajar, pangajaran aprésiasi puisi, jeung KIKD basa jeung sastra Sunda SMA). Dina panalungtikan saméméhna dipedar hasil panalungtikan saméméhna jeung babandingan antara panalungtikan nu baris dilaksanakeun jeung panalungtikan saméméhna. Dina raraga mikir mah dipedar ngeunaan kalungguhan téori dina panalungtikan.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku désain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan, medar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran tina hasil panalungtikan. Dina hasil panalungtikan dipedar ngeunaan analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, ngawengku déskripsi papasingan puisi mantra di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut; analisis struktural puisi mantra di Désa Mekarmukti, Kacamatan Talégong, Kabupatén Garut; jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA. Dina pedaran panalungtikan dipedar ngeunaan inti tina hasil *temuan* nu dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II.

BAB V Kacindekan jeung Saran, eusina nya éta kacindekan jeung saran nu ngébréhkeun tapsiran panalungtik kana hasil analisis data panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar patalékan nu aya dina rumusan masalah. Saran ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil

panalungtikan, jeung ka para panalungtik séjénna nu baris nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.